



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
EXPANSYON KRITÈ TÈS DYAGNOSTIK POU ENKLI TOUT PREMYE SEKOURIS
YO, TRAVAYÈ SWEN SANTE YO AK TRAVAYÈ ESANSYÈL YO**

***Li pibliye Dekrè Egzekitif ki pèmèt famasyen yo fè tès dyagnostik pou COVID-19
la***

***Eta ap fè tès antikò pou travayè swen sante ki devan liy lan nan kat lopital ak nan
sistèm swen sante Vil New York yo***

***Eta a pral fè tès antikò pou premye sekouris yo ak travayè transpò yo apati
semèn pwochèn***

***Konfime 10,553 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan
tout Eta a rive 282,143; gen nouvo ka nan 57 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse eta a ap elajii kritè tès dyagnostik yo pou enkli plis travayè New York ki devan liy lan - yon rezilta dirèk nan ogmante kapasite tès dyagnostik rapidman. Kritè yo elaji a pral pèmèt tout premye sekouris yo, travayè swen sante yo ak anplwaye esansyèl yo, pou yo fè tès pou COVID-19 la pou yo kounye a menm si yo pa gen sentòm yo. Eta a pral kontinye elaji kritè tès yo pliske kapasite tès yo ogmante.

Gouvènè Cuomo te anonse tou li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt famasyen yo fè tès dyagnostik pou COVID-19 la. Mezi sa a pral debloke yon rezo ki gen plis pase 5,000 famasi pou yo vin yon lokal tès COVID-19 epi ede eta a bati yon rezo koleksyon pou reponn ak kapasite laboratwa yo ak ogmante kapasite tès yo an jeneral.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap kontinye fè tès antikò pou travayè swen sante ki devan liy lan, ki gen ladan kat lopital ak sistèm swen sante nan Vil New York yo jodi a. Yo pral fè tès antikò yo nan Bellevue Hospital, Elmhurst Hospital Center, Montefiore Medical Center ak SUNY Downstate Medical Center ke yo ap itilize aktyèlman sèlman pou pasyan COVID-19 yo. Anplis de sa, eta a pral kòmanse fè tès antikò NG pou premye sekouris yo ak travayè transpò yo apati semèn pwochèn, enkli anplwaye MTA yo ak travayè transpò yo, Lapolis Eta New York (New York State Police) ak Depatman Lapolis nan Vil New York (New York City Police Department).

"Nou konnen tès se yon eleman kle nan re-ouvèti ekonomi an ak retounen nan yon nouvo lavi nòmal, epi Eta New York deja ap fè plis tès pa abitan pase nenpòt ki eta oswa peyi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap travay ak gouvènman federal la pou

ogmante kapasite laboratwa yo ki trete tès dyagnostik yo, e kounye a nou bezwen plis sit koleksyon pou nou kontinye ranfòse tès nou yo nan tout eta a. Mwen ap pibliye yon Dekrè Egzekitif k'ap pèmèt 5,000 famasi eta nou yo fè tès dyagnostik pou COVID-19 la, ki pral ogmante yon fason konsiderab kapasite tès nou yo ak pèmèt nou elaji elijibilite tès sa yo pou travayè yo ki ak anplwaye esansyèl yo ki devan liy lan ki ap travay epi kominike avèk piblik la pandan tout kriz sa a".

Finalman, Gouvènè a te konfime 10,553 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 282,143 ka konfime nan Eta New York. Nan total 282,143 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	899	94
Allegany	35	4
Broome	251	19
Cattaraugus	45	6
Cayuga	47	8
Chautauqua	27	0
Chemung	103	24
Chenango	91	7
Clinton	54	1
Columbia	140	11
Cortland	28	3
Delaware	58	7
Dutchess	2,660	143
Erie	2,773	170
Essex	24	2
Franklin	14	1
Fulton	61	32
Genesee	141	14
Greene	107	17
Hamilton	3	0
Herkimer	56	0
Jefferson	59	1
Lewis	9	0
Livingston	58	14
Madison	121	15
Monroe	1,285	86
Montgomery	46	7
Nassau	33,798	1,033
Niagara	344	12

NYC	155,113	4,640
Oneida	364	41
Onondaga	664	25
Ontario	82	9
Orange	7,973	818
Orleans	75	15
Oswego	57	6
Otsego	60	10
Putnam	885	266
Rensselaer	221	23
Rockland	11,091	1,000
Saratoga	320	42
Schenectady	431	134
Schoharie	33	12
Schuyler	7	0
Seneca	36	18
St. Lawrence	156	12
Steuben	204	33
Suffolk	31,368	762
Sullivan	689	61
Tioga	71	31
Tompkins	126	5
Ulster	1,166	190
Warren	132	10
Washington	113	30
Wayne	65	12
Westchester	27,231	598
Wyoming	57	14
Yates	16	5

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)